***Қдырбаев.Қ.М***
***Каракалпакский государственный университет им. Бердаха***
***Республика Узбекистан, г. Нукус***

# ФИЛОСОФСКИЕ, ЭТИЧЕСКИЕ, СОЦИАЛЬНО-ПОЛИТИЧЕСКИЕ ВЗГЛЯДЫ КУНХОДЖИ

***Аннотация:*** *В этой статье анализируются социально-философские взгляды на творчество Кунходжа.*

***Ключевые слова:*** *философские, социально-политические, социально-философские, этика, идея, идеология.*

***Qdirbaev.Q.M***
***Karakalpak State University named after Berdakh***
***Republic of Uzbekistan, Nukus***

# PHILOSOPHICAL, ETHICAL, SOCIO- PHILOSOPHICAL VIEWS OF KUNXOJA

***Abstact:*** *The article analyzes the socio-philosophical views on the work of Kunxoja.*

***Keywords:*** *philosophical, socio-political, socio-philosophica,l ethics, idea, ideology.*

Күнхожа өзиниң ең жақсы шығармаларында өзи жасаған заманның сиясий ҳәм жәмийетлик турмысын, өзи туўылып өсип ҳәм қәлиплесип жетискен ортаны – мийнеткешлер массасы көз қарасларынан дурыс сүўретлей билген ҳәм баҳалай алған шайыр болыўы менен бирге өз дәўириниң ойшылы болып есапланады. Күнхожаның көз-қарасларын дурыс баҳалаў ушын оның жасаған заманының социаллық жағдайлары менен жәмийеттеги үстем идеологияның характерин есапқа алыў ең әҳмийетли шәртлердиң бири болып табылады. Тарийхтан белгили

болғанындай, Күнхожаның өмири ҳәм творчестволық хызмети XIX әсирде өтти. Бул дәўир қарақалпақлардың Түркстаннан Хорезмге көшиў процеси тамамланып, Хийўа ханлығы тәрепинен толық жаўлап алынып, бағындырылғанынан кейинги дәўир еди. Жәмийетте феодаллық-патриархаллық қатнасықлар, сиясий дүзимде шығыс деспотизминиң барлық белгилерин өзине сиңирген ханлық система ҳәм бул қатнасықлар менен сиясий системаның мәңгилигин, бирден-бир дурыслығын, кереклигин, нызамлылығын қудайлық күш пенен тастыйықлайтуғын ортодоксиялық исламның идеологиясы ҳүким сүретуғын еди.

XIX әсирде Қарақалпақстанда философиялық этикалық ҳәм сиясий-жәмийетлик ой тийкарынан алғанда фольклорда ҳәм көркем әдебиятта, айырым алғанда поэзияда өз көринисине ийе болды ҳәм раўажланды. Ислам дининиң тәбият таныў ҳәм философия илимлерин әсирлер бойына қуўдалаўы салдарынан, бул илимлер сыпатланып отырған дәўирде, бизиң жәмийетлик турмысымызда өз бетинше көринисине ҳәм раўажланыўына ийе болмады. Сонлықтан, XIX әсирде Қарақалпақстанда философиялық ой тийкарынан алғанда этикалық тәлиймат бағдарында раўажланды. Бул жағдайлар Қарақалпақстан XIX әсирде философиялық ҳәм сиясий-жәмийетлик ойдың раўажланыўының өзине тән айрықшалығын белгилейди. Усыларға байланыслы Күнхожа да сол дәўирдеги ҳәм оннан кейинги қарақалпақ демократ шайырлары сыяқлы арнаўлы түрде философия менен шуғылланбады ҳәм ол бойынша мийнетлер жазбады. Бирақ көрсетип өткенимиздей, ортодоксиялық исламның идеологиясына қайшы келетуғын, реаллық дүнья, дүньяда адамның орны, дөретиўшилик хызмети, халық ҳәм оның жәмийет раўажланыўындағы роли және басқа да көплеген мәселелер бойынша, Күнхожаның қызық, дыққатқа турарлық пикирлери бар.[1]

[1] У.Худайбергенова.. «Қарақалпақ ойшылларының философиялық көз-қараслары». Лекция тексти Нөкис-2010. 5-б

Күнхожа гуманист, демократ шайыр сыпатында өз елин, өз халқын ҳақыйқат перзентлик жүрек пенен сүйеди. Өзиниң елине ҳәм халқына бахыт,  гүлленип жасаўды тиледи. Ол өзиниң ең жақсы шығармаларында, әсиресе «Ел менен» қосығында мийнеткеш халықтың, жәмийеттиң раўажланыўында, елдиң гүллеп өсиўинде, молшылықтың асып-тасыўында үлкен роли ҳаққында оғада қызық, баҳалы пикирлерди ортаға қояды. Күнхожа байлықты дөретиўши,  байлар менен патшаларға алтынларды, байлықларды, сарайларды жеткерип бериўши – ели, халық: мийнеткеш халықсыз олардың күни жоқ, деп мүлкдар класстың жасаўы жөнинде дурыс пикирге жақынласады ҳәм жәмийетте усылай бир-бирине қарама-қарсы турған еки тәрептиң, байлар, езиўшилер, жарлылар, езилиўшилердиң бар екенлигине ҳәм олардың бир-биринен ғәрезсиз жасай алмайтуғынына түсинип, жәмийетте класслық айырмашылықтың ҳүким сүретуғынлығына барып жетеди. Жәмийетлик қатнасықлар урыўлық, патриархаллық қатнасықлар, диний үрип-әдетлер менен бүркелип, шийеленискен жағдайда бундай түсиникке келип жетиў, Күнхожаның үлкен зийреклилигин, ақыллылығын, ойшыллығын, өз заманының алдыңғы адамы екенин көрсетеди. Күнхожаның сол «Ел менен» қосығындағы мына қатарлар оның халықтың мийнеткеш массасының жәмийеттеги ҳәм жәмийеттиң раўажланыўындағы роли ҳаққындағы мәселеде зийрек ақылын ҳәм даналығын көрсетеди:

«Ғәзийне толысы алтын ақшаның,
Ҳәўли-ҳәрем және бағы-бақшаның,
Халықты сорып турған ханыў-патшаның,
Шалқығаны ғәрип-қәсер ел менен.
Меруўерттен салынған сарай жайлардың,
Аспандағы жақты жарық айлардың,
Малы көп дүньяда муңсыз байлардың,

Шалқыўына себеп сорлы қул менен».[2]

Күнхожаның творчествосында жоқарыда көрсетип өткенимиздей заман картинасы, заман қысыўмети, заман тарлығы, заманның адам ушын, әсиресе мийнет адамы ушын жаман ақыбетлери – адамлардың әдеп-икрамлық қәсийетлерининң бузылыўына алып келиўи, нәтийжеде бул дүньяның адам ушын қараңғы қәпеске айланыўы үлкен көркемлик, усталық ҳәм терең философиялық толғаныў менен сүўретленеди. Күнхожа өз заманында жәмийетте ҳүким сүрип турған сиясий дүзимге, бул дүзимнинң мийнеткешлер массасы ушын аўыр мүшкил екенин, мийнеткеш халықтың мәпи, түсиниги тийкарынан қатнас жасайды ҳәм дәлиллейди.

Күнхожаның «Заман» қосығы бизиң бул пикиримиздиң үлкен дәлийли бола алады:

«Қарап турсаң бул заманға,
Сондай жайсыз шыбын жанға,
Жылға-сайлар толды қанға,
Әлеўмет бул қандай заман?
Жетим қатын, жетим улар,
Тентиреп ботадай бозлар,
Шабаққа сатылды қызлар,
Ҳәсирет-қайғы болды заман.

Шайыр бул шығармасында өз заманының барлық унамсыз тәреплерин тартынбастан, жасырмастан ҳәм боямастан дурыс сүўретлеп береди, өз заманының әўладының бул қайғылы заманда жасап атырғанына ҳақыйқат қыйналыў ҳәм ашыныў билдиреди. Күнхожа бул жерде өзиниң зийрек ақылы ҳәм бай турмыс тәжирийбеси менен турмыстың материаллық тийкарының шешиўши роль ойнайтуғынын түсинеди ҳәм бул материаллық тийкар жәмийетти бир-бирине қарама-қарсы еки тәрепке бөлетуғынлығын

[2] Н.Жапақов, Қ.Мәмбетов, Қ.Султанов, А.Кәримов «Қарақалпақ әдебияты тарийхы». Нөкис-1983. 115-б

ҳәм ол адамның руxый жағдайына, әдеп-икрамлық минез-қулқына ҳәм ҳәрекетине белгили тәсир тийгизетуғынлығы ҳаққындағы дурыс пикирге жақынласады.

Әлбетте, Күнхожаның философиялық, этикалық ҳәм жәмийетлик-сиясий көз қарасларын баҳалағанымызда оның шығармаларындағы айырым жерлерди үзип-жулқып, оны мысал ретинде, тек соның әтирапында ғана пикир жүргизип отырғанымыз жоқ. Ҳақыйқат изертлеўши ушын бундай усыл жарамайды. Күнхожаның көз қараслары оның заманы, заманының социаль-экономикалық, тарийхый жағдайлары ҳәм сол ўақыттағы жәмийетлик ойдың дәрежеси есапқа алынып баҳаланатуғынлығы өзинен-өзи мәлим болыўы тийис. Оның үстине, шайрдың творчествосын пүтин байланыста изертлеп баҳалағанда, оның дүньяға көз қараслары туўралы пүтин жуўмақ шығады.

### Использованная литература


1. У.Худайбергенова.. «Қарақалпақ ойшылларының философиялық көз-карасларьı». Лекция тексти Нөкис-2010. 5-б

2. Н.Жапақов, Қ.Мәмбетов, Қ.Султанов, А.Кәримов «Қарақалпақ әдебияты тарийхы». Нөкис-1983. 115-б

3. Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис.1960

4. Күнхожа «Ел менен» Нөкис.1975